



THE FAIR HOUSING LAWS PROTEJE IMIGRAN, REFIJYE, EPI TOUT MOUN AK NENPOT RELIJYON

Jis lojman lwa leta ak federal kondane diskriminasyon sou nasyonalite, relijyon e zansèt yo. Men yon lis ke lwa proteje moun de diskriminasyon: ras, koulè, kotew soti, fi ou gason, relijyon, timoun yo oubyen fanmiy ou, paralize (nan tèt oubyen fizik), ras zansèt, marye ou pa, laj (eksepte timoun piti), oryantasyon seksual, identite oubyen jan ou exprime'w epi sous lajan legal (refize asepte seksyon 8, tankou yon egzantp).*

Jis Lojman Lwa proteje moun ki imigran, refijye epi tout moun kèlkeswa kwayans relijyon yo.

Rele Connecticut Fair Housing Center a nan 1-866-247-4401 si'w panse ke'w se yon viktim akoz ou se yon imigran, oubyen yon refijye, paske de kote'w moun oubyen paske de kwayans relijyon'w.

Jis Lojman lwa yo proteje'w kèlkeswa *stati imigrasyon'w*.

Se pa legal pou yon pwopriyetè trete'w diferan akoz de stati imigrasyon'w, nasyonalite'w, epi relijyon'w. Sa vle di ke tout moun ki nan lwe kay pa ka :

- Refize lwe ba'w akoz ou se yon imigran, oubyen refijye ,oubyen kwayans relijyon'w;
- refize lwe ba'w akoz ou pa soti etazini;
- chaje'w plis lajan lwayaj chak mwa, oubyen fè'w bay plis lajan depozit akoz de kote'w fèt, imigrasyon stati'w, oubyen akoz de kwayans relijyon'w;
- oblije ke'w jwenn yon moun ki pou siyen pou'w akoz ou se yon imigran, refijye, oubyen akoz de relijyon'w;
- di'w pa kwit manje ke'w renmen akòz de sant manje a;
- refize lwe ba'w akoz ke'w oubyen kèk moun nan fanmiy ou pa pale anglè;
- di'w ke fòk ou pale anglè lè'w deyò apartman'w lan;
- fòse'w chwazi yon apartman tou pre lòt moun ki soti nan menm peyi ak ou, ki pale menm lang ak ou, oubyen ki gen menm kwayans relijyon ak ou;

- ranfòse règleman yo kont ou, oubyen fanmiy ou paske'w se yon imigran, oubyen refijye, oubyen akoz de kwayans relijyon'w ,men yo pa ranfòse regleman sa yo contre lòt moun ;

Se pa legal pou yon pwopriyetè mande'w pou identifye kwayans relijyon'w.

Se pa legal pou yon pwopriyetè poze'w anpil kesyon sou stati imigrasyon'w paske de jan'w parèt, de jan'w pale oubyen jan'w abiye.

Kek pwopriyetè, Mèt kay, ajans imobilye, eksetera, gendwa mande si'w legal nan peyi a, mande pou yo wè green card ou , oubyen visa'w, oubyen mande nimerò sosyal sekirite'w. Si'w panse ke y'ap mande de stati imigrasyon ou paske de kote ou soti, rele Connecticut Fair Housing Center.

Jis Lwa lojman leta ak Federal la kontinye proteje'w tou lè'w finn abite lakay ou oubyen nan apatman'w. Yon pwopriyetè, met kay, oubyen ajans imobilye, oubyen kèlkeswa moun lan pa ka:

- Mande'w pou retire sak ki nan tet ou, oubyen symbol kwayans relijyon'w;
- retire'w nan kay ou akoz de kwayans relijyon'w, stati imigrasyon'w, oubyen stati refijye'w;
- Menase'w oubyen pesekite'w akoz de kwayans relijyon'w, stati imigrasyon'w, oubyen stati refijye'w

Pesekite oubyen menas vle di:

- Menase pou yo rapote'w ba lapolis oubyen otorite imigrasyon akoz de stati imigrasyon'w;
- Di'w ke yo pral deporte'w;
- Di'w pou tounen nan peyi'w;
- Pentire graffiti oubyen ekri sou kay ou, ekri vye mo oubyen menase'w pou yo blese'w, oubyen fanmiy ou si'w pa kite zòn lan;
- Fe rèl rasis, koulè'w, oubyen move pawòl relijye kont ou epi fanmiy ou;
- Bare akse ak lakay ou, tout saw posede, oubyen lòt kote nan building lan (tankou pisin, lave rad);

OU AP GEN PWOTEKSYON TOU MENM SI'W AP ACHTE YON KAY OUBYEN ESEYE JWENN YON MORTGAGE. Rele Connecticut Fair Housing Center si'w kwè yo anpeche'w achte yon kay, oubyen jwenn yon loan akoz de stati imigrasyon'w, stati refijye ,oubyen relijyon'w.

*Gen eksepyon nan Jis Lwa Lojman yo pote. Souple rele Connecticut Fair Housing Center menm si'w panse ke pwopriyetè'w la ka egzanpte de lwa.

POU PLIS ED SOU IMIGRASYON OUBYEN REFIJYE PWOBLEM, ALE NAN:

